# ñi gën ci yéen ñooy samag maas, topp ci ña ca topp, topp ci ña ca topp'

Jële na ñu ci Imraan Ibn Husayn -yal na leen Yàlla dollee gërëm- mu wax ne, Yonente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- nee na: "ñi gën ci yéen ñooy samag maas, topp ci ña ca topp, topp ci ña ca topp' Imraan nee na: xamuma ndax Yonente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc tudd na ginnaaw ag maasam ñaari maas walla ñatt, Yonente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc nee na: "nekk na ci seen ginnaaw ay nit yoo xam ne dañuy wor te deesu leen wóolu, ñuy seede te deesu leen seedeloo, ñuy nisar te du ñu ko matal, ag duuf feeñ ci ñoom".

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Yonente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc xibaare na ñi gën niti jamono ñooy mbooloo mi Yonente bi nekk ak i Sahaabaam, topp ca ña ca topp ci way-gëm ñi fi fekk Sahaaba yi te fekkuñu fi Yonnente Yàlla bi, topp ca ña ca topp di ñi topp ca ña topp ca Sahaaba ya, Sahaaba bi sikk-sàkka ndax tudd na ña ca topp ñenteelu maas ga walla déet. Topp Yonente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc xibaare ne: seen ginaaw dana am ay nit yuy wor te nit ñi duñu leen wóolu, ñuy seede njëkk ñuy sàkku ci ñoom ag seede, ñuy nisar te duñu ko matale, ñuy baril ag lekk ak ug naan ba mujj ak duuf feeñ ci ñoom.



النجاة الخيرية
ALNAJAT CHARITY
لجنة الدعوة الإلكترونية
EDC E-Da'wah Committee